

**FL-2017-056-01**

### **Avi Piblik**

Nou pibliye avi sa a pou fè nou konnen Konte Lee pral aplike pou yon sibvansyon Pwogram Fòmil pou Otobis ak Etablisman pou Otobis selon Seksyon 5339 USC - Otobis ak Etablisman Otobis - ak Administrasyon Federal Transpò (Federal Transit Administration) ki pral ofri asistans ak lajan bay Depatman Transpò Konte Lee, LeeTran.

Nenpòt moun ki enterese ka mande yon odyans piblik kote Manm Komisyon Konte Lee yo konsènan Pwogram Pwojè pou aplikasyon sibvansyon Pwogram Fòmil Zòn Ibèn sa a. Pou mande yon odyans piblik, tanpri voye yon demann alekri nan dis (10) jou ki vini apre avi sa a nan adrès: Lee County Transit 3401 Metro Parkway, Fort Myers, Florida 33901.

Nenpòt moun ki enterese ka jwenn yon kopi aplikasyon sibvansyon sa a nan Lee County Transit 3401 Metro Parkway, Fort Myers, Florida 33901 ant 8:00 a.m. ak 5:00 p.m., lendi jiska vandredi.

Deskripsyon Pwojè a: Nou estime pri pwojè sibvansyon Pwogram Fòmil pou Otobis ak Etablisman pou Otobis selon Seksyon 5339 USC la rive \$524,386 pou pati federal nan pòsyon apwopriyasyon pou ane fiskal 2017 ki disponib anba lwa pou Repare Transpò an Sifas Etazini (Fixing America's Surface Transportation, FAST) la. Kredi pou Devlopman Transpò Depatman Transpò Eta Florid (Florida Department of Transportation) ap bay menm kantite lajan pou pwogram nan. N ap pibliye avi sa a anplis de avi nou te fè avan ki te anonse gen \$293,393 ki disponib grasa rezolisyon kontini pou apwopriyasyon FTA pou ane fiskal 2017.

Pwojè ki pwopoze yo gen finansman pou ranplase machin ADA Paratransit (Transpò Adapte ADA pou moun ki andikape).

Si pa gen okenn chanjman ki fèt nan lis pwojè ki anwo a, n ap konsidere ke avi sa a final pou Pwojè Pwogram yo. Si ou gen nenpòt kesyon, kontakte Analis Sibvansyon LeeTran nan (239) 533-0332 oswa pa imèl nan [lcombs@leegov.com](mailto:lcombs@leegov.com) oswa nan [www.rideleetrans.com](http://www.rideleetrans.com)

LeeTran konfòme li ak egzijans pwogram Administrasyon Federal Transpò a, epi li garanti sèvis transpò piblik yo disponib epi yo bay yo egalego san gade sou ras, koulè, oswa orijin nasyonal, andikap, sèks oswa laj moun. Ou kapab wè Tit VI LeeTran nan okonplè nan [www.rideleetrans.com](http://www.rideleetrans.com)

**Laprès Fort Myers**  
**Dat Piblikasyon:**